# Tut jipek qurtin  jetilistiriwde oniń biomorfologiyalıq belgileri há m qorshaǵan ortaliqtiń tásirleri

**Turemuratova G,Jannazarova G**

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

Tariyxqa kóz taslaytuǵın bolsaq tut jipek qurtınıń biologiyası Qitayda bunnan 5 mıń jil aldın úyrenilgen.

Tut jipek qurtı tolıq metamorfozlı shıbın -shirkeyler toparına kirip, to’rt rawajlanıw da’wirin o’tedi.

Jipek qurtının’ biologiyası oniń  biomorfologiyalıq belgileri hám jipek qurtinda ushirasatuǵin kesellikleri úyrenilip barildi. Jipek qurtınıń morfologiyalıq (sırtqı) belgilerine ko’z benen baqlanatuǵun barlıq belgileri kiredi.

Jumis 2024 jıl Nókis qalasi Nawxan baq MPJ, Temir tulpar kóshesinde Jandullaeva Gúlzadaniń úyinde hám Kegeyli rayoni Qum shungúl APJ fermer xojalıqlarında alip barildi. Bir ay dawaminda baǵilip atirgan tabiyǵıy tut jipek qurtiniń biologiyaliq rawajlanıw dáwiri 2-maydan 30-may araliǵinda úyrenilip barildi. Bir ay dawaminda 4-8-16-21- 30 may kúnleri jipek qurtınıń  rawajlanıw dáwiri úyrenildi.30-may kúni jiynap alındı.

Jipek qurtınıń  qurtlıq dáwiri bes jasqa bólinedi, hár bir jas arasında sırtqı qabıǵın taslap túleydi, hár bir jas dawamında denesi úlkeyedi. Sonıńnan qurt denesiniń ósiwine tosqınlıq etetuǵun xitin qatlamın tasladı. Bunnan keyingi dáwirde qurtlar jipek payda etiwi, keyingi tirishilik iskerligi (quwırshaq, gúbelek) ushın hám tuxımlar payda etiw ushın júda kóp muǵdarda azıq zatlar talap etti. Bunda qurtlardıń salmaǵı 10-12 mıń márte arttı, ásirese tórtinshi hám besinshi jaslarda maksimal dárejege jetti.

Jipek qurtınıń  rawajlanıwında jaqtılıq, ıǵallıq hám temperatura sharayatları málim dárejede tásir kórsetti. İzertlew jumısları nátiyjesinde  kishi jastaǵı qurtlar túngi saatlarda

joqarı temperatura ($32^0$) olardıń jasaw uqıplılıg'ı 10-20 protsenke, jipek shıǵımlılıǵı 6,4 protsent hám pilleden jipek oraw 3,7 protsentke kemeygenligi anıqlandi.

Rawajlanıwdıń barlıq basqıshlarında dem alıwdıń sutkalıq ózgeriw xarakterine, sutka dawamında qurt salmaǵınıń ósiwine hám jaqtılıq penen jıllılıqqa bolǵan qatnasına qaray jipek qurtı ritmik shıbın- shirkeylerge kiredi. Bul jaǵday qurt baǵıw dáwirinde esapqa alındı. Úyreniliw dáwirinde, jipek qurtı besinshi jastıń aqırına kelip jetilisdi, azıqlanıwdan toqtatip pille orap basladi. Sonnan 2-3 sutka ótkende pilleniń ishinde aqırǵı márte túledi hám quwırshaqqa aylanıwın basladi. 1-Súwret. Quwırshaq dáwirinde úlken ózgerisler boldı, yaǵnıy gúbelekke aylanıw ushın tayarlanadı.



2- Súwret. Quwırshaq dáwirin uyreniliw waqtı.



2-Súwret. Quwırshaq da’wirini 2-shi háptesi úyreniliw waqtı.

Bir qutı qurttı bağıw ushın keminde 60-70 $m^2$ orın talap etildi. Hawanıń ıssı kúnleri jipek qurtı kúndizgi waqıtta kem awqat jedi, jipek qurtları kunniń salqın waqıtlarında, yağnıy azanda hám keshki waqıtlarda maydalanğan japıraqtı kóp jeydi. Jazda qurtlar kobirek kesellikler menen kesellenedi. Kópshilik keselliklerdi qozdırıwshı mikroorganizmler jaraqatlanğan teri arqalı juğadı. Qurtlar tığız bağılğanda tırnaqları arqalı bir-biriniń terisin tez jaraqatlaydı. Sonın’ ushın qurt bağıw maydanı úlken bolsa, olar jaqsı

hám salamat ósedi. Qurtxana temperaturası qurt bağıw dáwirinde 25$^{0}$C, ıgallıq 70-80 protsent bolıwı kerek.

Bizdiń gúzetiwimizde keshki saat 21$^{00}$ lerde qurtxananıń esik ham aynaları ashılıp, polı suwıq suwda juwıldı hám dógeregine suw sebildi, barlıq kesh dawamında esik hám aynalar ashıq qaldırıldı. Jáne azanda qalıń etip suw sebilip, esik ham aynalar jabıldı. Eger sırtqı temperatura sayada 25$^{0}$S dan aspasa, qurtxananıń esik hám aynaların ashıq qaldırıp, qurtxana ishine ıgal material asıp qoyıldı. Birinshi, ekinshi hám úshinshi jaslarda qurtlar tut tereginiń tómengi kók shaqalarınan terilgen jas japıraqlar menen bağıldı. Maydalanğan japıraqlarğa salıstırğanda pútin japıraqlar ıgallıgın tez joğaltadı. Qurtlar hár 2-3 saatta az-azdan azıqlandırıp turıldı. 4-5 jastağı qurtlar japıraqlı shaqalar menen bağıldı. Jazdıń qattı ıssı hám qurğaq kúnleri qurtlardı ıgallanğan japıraq penen bağıw jaqsı nátiyje berdi. Tajiriybeler mağlıwmatında, ıgallanğan japıraqlar menen bağılğanda qurtlardiń tirishiligi hńm pillesiniń salmağı 20-30 protsentke arttı.

Tiykargı itibar túngi ham azanda bağıwğa qaratıldı, sebebi usı waqıtta qurtlar kóp japıraq jeydi. Jazda qurtlar bosasqan halda bolıp shaqalarda turıwı qıyın boladı. Sonıń ushın qurtlar polğa tusip ketip tez jaraqatlanadı hám kesellenedi. Har bir azıqlandırılğanda túsken qurtlar terip alınıp ayrım bağıldı hám shaqalardıń sıpalardan yamasa etajerkalardan shıgıp turmaslıgına itibar berilip barıldı. Pille oraw dawirinde joqarı sapalı dásteler tanlandı olardı tuwrı jaylastırıw hám artta qalğan qurtlardı bağıw ushın turaqlı sharayat jaratıldı.

Tájriybe juwmağında biz rayon hám qala aymağında .Yağıy rayon aymağında hám qala aymağındağı tájriybede qala aymağındağı jipek qurtları 1 qutısınan az ónim alıngan al awıl aymağındağı jipek qurtları jaqsı rawajlanğan hám ónimi da jaqsı boldı.Juwmaqlastırılıp aytqanda qala aymağında bağılğan qurtlarğa hár qiylı seslerdiń (mashina hám adamlar ) hawa tásiriniı tlıq bolmawı nátiyjesinde mólshellengen ónim ala alınbadı. Awıl aymağında alıp barılgam tájriybede jipek qurtınan mol ónim alıw baqlandı.Sonnan kelip shıqqan halda jipek qurtı rawajlanıwına sırtqı hám ishi faktorlardıń tásiri úlken áhemiyetke iye ekenligi málim boldi.

## Paydalanǵan ádebiyatlar:

1. V.V. Yaxontov.  Ekologiya nasekomıx. İzdevatlstvo «Vısshaya shkola» 1969

2. G.Ya. Bey-Bienko. Obshaya entomologiya. Moskva «Vısshaya shkola» 1971

3. N.E. Ergashev. Ekologiya yadovitıx paukov Uzbekistana. Toshkent İzdevatlstvo «Fan» 1990

4. Axmedov N. İpakchilik asoslari. T., Uqituvchi, 1998.

5. Axmedov N. İpak qurti urug'ini jonlantirish. T., 1992.

6. Abduraxmanov A i. dr. Shelkovodstvo (lab-prakt. rabotı) T., Uqituvchi, 1974.

7. Abduraxmanov A i dr. İpak qurti naslchiligi va urug'chiligi. T., Meh'nat, 1991.

9. Руководство к большому практикуму по энтомологии (систематика насекомых) под. ред. Мазохина-Поршнякова. – М., 1989.